Nomer 22 Salasa 27 November 1928 (13 Djoemadil'ahir 1347) Taoen ka 5

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon: Bestuur Pasoendan Bogor.
di Tjiandjoer Bestuur Pasoendan Tjiandjoer.
Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

# SIPATAHOENAN

Serat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjitak di Drukkerij Soekapoera Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis.
Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan Soerabaja.

Redaktoer: SOETISNA SENDJAJA PATAH
Redaktoer di Batawi SOERIADIRADJA.

KARANGAN adresna ka REDACTIE Heerenstraat 31.
POSTWISSEL sareng serat noe sanes deui ka ADMINISTRATIE Tjimoeloeweg No. 12 Tasikmalaja.

LANGGANAN. 3 sasih . . . f 1,50 Loear Indonesia f 2 Dibajar tipajoen. Salambar 15 sen.

Pangaos ADVERTENTIE:
Sakali moeat sadjadjar sakolom 30 sen paling saeutik 10 djadjar sakolom.
Dibajar ti pajoen.
Langganan langkoeng mirah.

## Handenarbeid lezing toean A. Dolf Inspecteur handenarbeid.

Dina dinten Minggoe ping 11 November 1928, toean A. Dolf Inspecteur Handenarbeid, geus lezing nerangkeun pangadjaran Handenarbeid pikeun di sakola - sakola priboemi, kalawan panoeboenna P. G. H. B. apdeling Batawi Mr. Cornelis.

Ieu lezing perloe pisan kaoeninga koe sadaja pagawe inspeksi, koe toean Inspecteur sareng Adjoenna, nja kitoe deui koe Djoeragan Opziener-opziener sareng koe Goeroe - goeroe, lantaran tetela pisan jen pangadjaran handenarbeid, anoe ajeuna aja di sakola-sakola priboemi teh, oepami noeroetkeun katrangan toean Inspecteur handenarbeid mah, nja eta toean A. Dolf. tea, estoe pangadjaran salah, pangadjaran njasab, peta djeung djalan pangadjaran anoe henteu dimoepakatan koe Departement van Onderwijs. Geura mangga ieu tingali katrangan - katrangan anoe disaoerkeun koe toean A. Dolf tea.

Kieu ringkesna:

Pangadjaran Handenarbeid tea dibagi 3 (tiloe) bagian, nja eta:

1. Toegepaste Handenarbeid.
2. Als leervak.
3. Als dienstverrichting.

Ieu anoe tiloe roepa djalan pangadjaran beunang dipetakeun djeung diadjarkeun di oenggal sakola.

Ari anoe diseboet Toegepaste handenarbeid tea, nja eta sakabeh pangadjaran leungeun (handenarbeid) anoe maksoedna pikeun djadi bahan kana terangna atawa teurakna djeung napakna pangadjaran sakola anoe sedjen.

Djadi terangna kieu: Pangadjaran handenarbeid teh keur ngebrehkeun pangadjaran elmoe boemi, keur ngebrehkeun pangadjaran ngitoeng, keur ngebrehkeun pangadjaran pangadjaran sedjen deui. Tjontona: Soepaja moerid meudjit enja kana pangadjaran karesidenan Piangan Wetan, toeloej diboektikeun make bahan taneuh, atawa naon bae, make goegoenoengan, waloengan Tjitandoej koe tjai, sina dipetakeun koe moerid. Tangtoe eta Karesidenan Tasikmalaja teh, da katingal woedjoedna, dipetakeun koe moerid pribadi, karasa kadeuleu, bakal leuwih napak, leuwih njerep kana atina moerid. Tah kitoe pangadjaran handenarbeid teh, djadi bahan kana etjesna pangadjaran anoe sedjen.

Bahan kana naonana eta handenarbeid teh kana pangadjaran sedjen? Nja eta djadi bahan kana etjesna kana boektina kana kahartina.

Anoe ka doea pangadjaran handenarbeid als leervak; ari metakeunana oepamana dina pangadjaran ngagambar, lain ngagambar koe kapoer atawa tjet, tapi dangdaoenan diatoer sina djadi gambar diberes-beres neundeunna, njieun koekoepoe koe batoe didjadjar - djadjar, lamoen palebah pangadjaran dierkunde, djeung satoeloejna.

Anoe ka tiloe als dienstverrichting, nja eta lamoen di kelasna eta moerid aja kar (gambar kar) anoe sowek, koe moerid oge kanjahoan jen goreng aja kar rawek teh, tah sina dirapet koe baroedak, koemaha ngarapetna, koemaha mereskeunana, koemaha neundeunna sangkan aloes. Atoeh kana gawe sedjen nja kitoe keneh, ngadjilidan boekoe tea, menerkeun gambar tea, djeung rea-rea deui.

Tah geuning ngan sakitoe eta pangadjaran handenarbeid teh, ari enja enjana mah, ari ti inspektoerna mah, ti Departementna.

Ajeuna oerang herendelkeun kasaoeran toean A. Dolf inspektoer handerbeid dina lezingna noe bieu tea, noe djadi katranganana djeung pangingetanana (panggeuingna) ka goeroe goeroe, soepaja sadaja pada oeninga, nja eta:

I. Pangadjaran handenarbeid teh lain pangadjaran paksaan, henteu dimistikeun, tapi pangadjaran vrijwillig, lamoen goeroe emboeng, teu bisa, entong diadjarkeun, Moerid lamoen teu daekeun, entong dipaksa.

II. Pangadjaran handenarbeid anoe henteu bener teu tjara maksoed anoe tiloe roepa tadi di loehoer, eta lain pangadjaran handenarbeid anoe dipikaresep koe Departement van Onderwijs, tapi ngan woengkoel karepna Inspektoer atawa opziener, djadi soe laja djeung karep Departement, njimpang tina kawadjiban atawa kamistian.

III. Sapeser dibeulah toedjoeh oge, goeroe teu meunang ngaloearkeun doeit pikeun pangadjaran handenarbeid, da geus disadiakeun koe Departement doeit f 20.000 pikeun eta pangadjaran. Malah taoen hareup bakal ditambahan deui.

IV. Lamoen aja goeroe anoe daek tombok lantaran rek djilat, eta goeroe koedoe pada ngageuing koe batoerna. Oepama teu beunang digeuing koedoe dilaporkeun ka noe wadjib, atawa koedoe diaearkeun dina soerat kabar, soepaja kanjahoan kasalahanana koe Departement, da eta pata kitoe teh henteu dipikahajang, dilarang koe Departement. Sarta kabar perkara eta bakal diperhatikan koe Departement.

V. Goeroe atawa Opziener anoe ngarah pamer, ngarah poedjian, ngarah ngaran, koe djalan pangadjaran handen arbeid, eta saenjana moesoehna (tegenstander) pangadjaran handenarbeid.

VI. Hasil handenarbeid di sakola, sama sakali teu meunang dipoedji koe inspektoer atawa koe opziener, nadjan hade nadjan goreng oge ari beubeunanganana atawa boeboeatanana mah lain poedjieun lain pojokeun atawa tjawadeun. Sabab ari pangadjaran handen arbeid mah lain ngarah poedjian, lain boeboeatanana atawa beubeunanganana anoe goena teh, tapi anoe koedoe ditengetan teh nja eta prakna ngadjarkeunana, ninggang henteuna kana maksoedna.

Inspektoer (atawa opziener) ngan meunang moedji kana larapna kana djalanna eta pangadjaran.

VII. Oelah pisan rek nongtonkeun beubeunangan handenarbeid, da lain eta maksoedna pangadjaran handenarbeid mah.

VIII. Dilarang keras moerid ngadjoeal beubeunangan pangadjaran handenarbeid, sabab pangadjaran handenarbeid mah lain rek maehan pangadjaran sedjen, tapi rek ngahiroepan pangadjaran sedjen. Lamoen moerid make nampa ladang tina barang djidjieunanana di sakola, tangtoe eta teh djadi djalan kana ngoerangan napsoe moerid kana diadjar pangadjaran sedjen.

IX. Anoe diseboet hasil pangadjaran handenarbeid lain dina boekti barang djieun baroedak, tapi dina ngadjoeroengna kana kamadjoean pangadjaran sedjen.

X. Lamoen oerang ngadjarkeun pangadjaran handenarbeid di sakola, oelah anoe matak beurat ka boedak, salawasna goeroe koedoe nanja maneh, kieu: Lamoen anak aing sina ngalampahkeun (migawe) kitoe, moepakat atawa henteu?

Oelah pedah rek ngaboektikeun ngebon, toeloej nitah moerid matjoel di noe panas

XI. Inspektoer moal maksa, teu meunang maksa ka goeroe koedoe ngadjarkeun handenarbeid.

Ningal kana katrangan anoe bieu, tetela pisan perloena pangadjaran handenarbeid anoe bener mah, di sakola oerang teh.

***

## Poelisi djaman achir.

Lain rek ngahaderoen-soeloehkeun ngompet-daoenkeun, tapi anoe ditoedjoel koe koering „poelisi djaman achir" teh, njaeta anoe loba lalakonna, anoe katjatoer dina kabar. mang roepa-roepa kabar.— ieu anoe dibandoengan koe koering teh.

Ngadadar tina hal ieu teh, lain pedah koering njaho njaksian, soemawonna ari ngaraнapan mah, da koering mah lain toekang makalangan, tapi noeroetkeun galagat soerat-soerat kabar bae. Koe sabab eta, asli henteuna teh, tergantoeng „kana bedja asal.

Sababna noe matak ieu artikel di djoedoelan kitoe, sapedah koering teu toeman ngadenge djeung neuleu taladjak poelisi kitoe, da baheula bihari mah djiga noe api-lain, ieu-ieu, itoe itoe, ngan dimana katimbang pereloe. kakara kek kerewek ngabakoetet. Tapi ari ajeuna didengekeunana teh aja . . . . kedjem, aja tjepet, soet-set, rariket naker.

Lamoen teu salah ngabandoenganana mah, asana ti sabarang ngadeg P. N. I. djeung P. P. P. K. I., djigana teh pasang koeping boeka mata, recherche mani heutja tjara keur ngasroek di leuweung bae, ting serebet ting belewer. Sok soemawonna ka bangsa koempoelan noe marerah, tjatjakan anoe matig oge tjara B. O. djeung Pasoendan, pakoempoelan keujeup apoe make kabarerang. Nepikeun ka koe djoeragan Oetojo mah kataroskeun di Volksraad, enja henteuna, djeung meunang henteuna ponggawa goepernemen nepi ka Inl. B. B. pisan djadi lid kana eta pakoempoelan.

Djawabanana pamarentah teh noeroetkeun Memorie van Antwoord. ka tjida patoekang tonggongna djeung taladjak poelisi- sabab saoerna:

Sok soemawonna ponggawa goepernemen loear ti B. B., sanadjan Inl. B. B. pisan oge teu aja halanganana asoep djadi lid kana hidji politieke beweging, sabab goena awakna pribadi. asal oelah ngalanggar larangan nagara bae."

Toeh geuning kitoe hoeloewotanana ogē — Tjing atoeh sing aremoet, bendara-bendara! Oelah bet teu kaop aja noe njeboet-njeboet atjan kana federatie P. P. P. K. I. teh, mani tjara andjing nendjo bagong dina lengkob, set serebet. Matak paiaoer, pikeun noe boragan mah —

Demi pakarepanana P. P. P. K. I. teh rek disamaroetkeun bae djeung P. K. I. noe geus meunang b o n d e l ti goepernemen.—

Bet sok hajang seuri deui ari koe lampah djeung peta noe djidjiraeun. Poegoeh-poegoeh kalangkang maneh, hajoh diseboet ririwa, toengtoengna geura engke, tiwas koe polah sorangan; sanadjan teu tjilaka . . . wirang mah koedoe.—

Tjara koempoelan P. N. I. noe di Samarang, noe distop koe poelisi tea kapan ajeuna geus aja di tengah, pada naroskeun, pada madoekeun. Koemaha engke lamoen Mr. Soejoedi noe noengtoen eta pahadreng tjitjing dina „b e n e r" lain „dapet idoeng pandjang", kilang bara ari b e r i s p i n g mah. Ari lakoening . . . noe noengtoen leuwih terpeladjar ti noe njetop, pirakoe bet rek ngarempak larangan; asa pirakoe sageuj. Katoeroeg-toeroeg njarita kitoe teh di mana-mana teu aja noe madjar koemaha, satoe moes tabil tjek akal poelisi di satempat leuwih loba loeangna ti batan di sababaraha tempat.

Malah djempolan S t o k v i s dina algemeene beschouwing di Volksraad kamari njarita kieu:

„Koering neda dipariksa bener tina perkara kadjadian P. N. I. vergadering di Semarang, anoe distop koe poelisi tea.

Koe timbangan koering pamarentah teh koedoe gaan wennen (nga biasakeun) jen geus aja vereeniging (P. N. I.) anoe ngoedag kana kamerdikaan, sarta taladjakna teu ngalanggar kana larangan, tjara biantara biantarana Ir. Soekarno."

Kitoe, tjeuk verslag dina B. Nieuwsblad. Dina kabar kabehdieunakeun, geus diwawarkeun deui, jen Ir. Soekarno ajeuna keur dioendersoek, ditarik perkara koe poelisi Solo lantaran tjaritana dina vergadering di Solo. —

Dina palebah dieu koering, sakoeringeun, pohara hajang geura njaho oedjoeng poehoena. Lantaran saperkara tjarita anoe didawa teh, njaeta tjarita anoe getollereerd di oenggal tempat, kadoeana pertjaja kana ilmoena noe boga hadas sanadjan lain ahli hoekoem, katiloe inget ka kantjakantjana, anoe sakitoe geus rarangetengna sihoeng koe elmoe kahakiman. Pirakoe datangka teu ngoengka ban paririmbon, teu metakeun elmoena—

Lamoen boentoetna tjara Hatta sabatoerna, sakoemaha piwirangeunana, djeung pitjambaleunana.—

Moega-moega bae sing ditangtajoengan koe noe kawasa, lantaran maksoedna teh lain ngandoeng goreng, tapi bela lemah tjai, tjenah!

Dina jeugdcongres (P. P. P. I.) di Batawi noe kamari ieu poelisi teh 'n overwinning behaald (meunang deui bae), sabab optocht padvinderij, koe sabab poelisi loba tandjakanana, nepi ka teu djadi. Deui dina pahadreng ngalarang make ketjap k a m e r d i k a ā n, nepi ka laksanana. Ngan ieu teh toengtoengna djadi sempal goejon atawa djadi vermaak congresisten, nepi ka djadi eak-eakan, ajeuh-ajeuhan. Tjeuk oerang mah noe teu njaksian, poelisi teh ngamodalan pikaseurieun, njaeta koe ketjap k a m e r d i k a a n.

Optredenna polisi teh, ditilik saliwat mah djiga te rechte, sabab ngeuntenng ka loeang-loeang nagara loear. Anoe noengtoen kariboetan teh njaeta nonoman-nonoman, model Studenten djeung sabangsana. Ngan doeka ari bener henteuna dina ngadjalankeun kakerasan mah.—

Ana diinget-inget koe koering, ti doea pihakna oge teu aja noe eleh, tapi meunang doeanana, vereenigingen meunang, poelisi meunang Meunangna poelisi, njaeta sabab sakoemaha panjaramna tea, digaroegoe ditaroeroet, bari ngarenes-ngarenes bae mah.

Ari nationalisten meunangna teh. njaeta arandjeunna ajeuna djadi sasat boga bobotoh (poelisi). anoe ngalantarankeun tangtoe beuki katjida paeh posona ngakal djeung narekah sangkan laksana pamaksoedanana, koe kangenesan-kangenesan anoe diranapan koe arandjeunanana dina waktoe pahadreng tea.

Demi koering mah lantaran netral tea, ka ditoe koemaha, ka dieu koemaha, toengtoengna mah kana senggak emprak bae, bari digawe didjero ati.—

Oe Nany.

## Oerang desa djeung Sakolana.

Ka saha nja geusan moentang,
ka saha geusan ngoemaha,
ka mendi koering nja ngoengsi,
ka mana oerang njarandoe,
njarandoe neda pitoeloeng,
njalindoeng neda papajoeng,
neda djembar pangampoera,
ka loehoer ka Sang Roemaoehoen,
ka noe laloehoeng di manggoeng,
njaloeoeh ka anoe Agoeng,

Lain ngoesik-ngoesik galih noe lalinggih, lain ngabaroebahkeun manah anoe lalenggah, sakadar arek ngoemaha, ngarah piloeloeseunana, sangkan leupas tina basa ngarasoela, toegeuah ngadjadi somah.

Sanadjan pating haleuang, oerang desa noe menta dilalakonkeun, ajeuna ngan bade manggoeng sakolana anoe djadi beubeuratna bangsa somah kasanggakeun ka para dewata di kahiangan, anoe pada teroes rasa, jasa ngaeteresna.

Koe sadaja kaoeninga jen sakola desa teh, sakola anoe diadegkeun koe oerang desa, koe tanaga oerang desa, koe kaboga oerang desa, kalawan na makihikeun para menak noe aragoeng.

Kateda katarimakeun, henteu di teundeun dihandap-handap!

Djleg oerang desa geus njarieun sakola, geus pada baroga adeganana, ajeuna ngan kari pipakakaseunana, da koedoe make boekoe make ieu make itoe, nja ngoemaha pamarentah neda dipangoeroeskeun.

Koe panggagoeng dipakihikeun, tapi . . . . oenggal sakola desa koedoe oereuan, koedoe majar ka pamarentah pikeun kaperloean pakakas pangadjaran pakeeunana dina sataoen hidji sakola desa f 60 sawidak roepia.

Mangga, kateda katarimakeun, mangga oerang desa majar keur kaperloean sakola nadjan sawidak roepia oge!

Gondjrang dibajar koe oenggal desa sawidak-sawidak keur meuli pakakas pangadjaran sakola desa sataoeneun.

Asa beres, asa aloes da geus tangkep tangan geus asak soebaja ti anggalna.

Djadi . . . . boekoe boekoe sakola desa, saenjana anoe desa, beunang meuli desa pamarentah mah ngan mangoeroeskeun.

Mangga!

Djebrod aja bezuiniging, aja parang poerah noetoehan begroeting, alam toean Besar anoe geus moelih, alam toean Fock tea. Koemaha?

Datang atoeran roepa roepa pikeun ngabantoe bezuiniging tea, nja aja anoe keuna deui ka sakola dea. Nja eta: Moerid teu meunang dibagi boekoe. teu meunang dibawa balik ka imah moerid, boekoe koe loe mah opat taoeneun.

Koe sadaja oge kahartos. atoeh katjotjeng oge kamadjoean moerid teh, da teu bisa ngapalkeun di imah!

Ke. ke, lanan! Naha atoeran anoe bieu make dikeunakeun ka sakola desa, naha ari boekoe sakola desa teh, lain beunang meuli oerang desa? Lain anoe oerang desa, lain bandana? Naha make dientet entet kitoe?

Tah, ieu anoe matak helok teh!

Kapan tadi oge pamarentah mah ngan rek mangoeroeskeun, da ari doeitna mah ti oerang desa, toer ngotjor bae, teu miloe kapotong koe bezuiniging!

Oerang desa majar angger sataoen sawidak roepia, ari boekoe boekoena ajeuna mah bet koedoe opat taoe-

neun!

Matak teu kaharti, da sawidak anoe ditarik ti desa tea teu koerang!

Ajeuna lamoen ditoeng harga pakakas pangadjaran keur sakola desa tea, tjeuk anoe oeninga, anoe geus ngitoeng, dina hidji sakola desa teh ngan ninggang f 20 doea poeloeh roepiaeun dina sataoen!

Toeh, toeh, bet djol deui bae anoe matak bingoengna teh, kapan oerang desa majar keur kaperloean sakolana teh sawidak perakeun, ari ieu hidji sakola desa teh ngan ngaloearkeun doea poeloeh roepia. Atoeh oenggal taoen desa mah roegi opat poeloeh roepia lantaran pangadjaran teh. Koe maha tea eta teh?

Naha bet kitoe?

Tah koe margi eta panoehoen teh:

I Boekoe-boekoe sakola desa kedah dibagikeun ka moerid, soepaja moerid tambah palinter. Da lain boekoe goepernemen.

II Harga pakakas pangadjaran oenggal sakola desa koedoe ditambahan, oelah doea poeloeh perakeun, tapi rata-rata koedoe sawidak perakeun da desa majarna sawidak.

Tamat perkara eta, ajeuna djol sisirikan, lain pidik lain dengki, ieu mah eta bae koe asa njolok mata boentjelik, bet asa dibeda beda dina perkara atoeran sakola desa tea. Kieu geura·

Aja sakola anoe diadegkeun koe d e s a, nja ngaranna sakola desa tea, sareng aja sakola anoe diadegkeun koe Zending di desa desa, nja sakola desa keneh bae boektina mah. ngan anoe Zending atawa anoe Katolik anoe Missie tea.

Doeanana oge pada sakola desa bae ari woedjoedna mah, tapi . . . . tah ieu tapina anoe rada heran teh . . . kieu:

Ari desa mah pikeun kaperloean pakakas teh koedoe majar sawidak, ari sakola Zending djeung sabangsana mah dibere, dibajar, itoeng hoeloe. pikeun hidji moerid 60 sen sataoenna saratoes moerid f 60.—

Tah anoe matak teu kaharti teh, naha ari desa koedoe majar, ari Zending bet di bajar? Batoer oentoeng f 60 ari oerang roegi f 60?

Dina palebah dieu, panoehoen teh, atoeh desa oge teu koedoe sina majar sawidak pikeun kaperloean pakakas pangadjaran teh, paparin ti goepernemen bae tjara ka sakola sakola Zending tea, saroeakeun, da pada sakola anoe aja dina panangan goepernemen keneh.

Tah, mangga njanggakeun ajeuna ka anoe kersa mangugoeroeskeun.

**Wong desa.**

Soegan bae koe Bale Poestaka ieu tiasa kalebetkeun kana persoverzicht ambeh kahoe koe wong agoeng.

---

## Pagoejoeban para Istri

Biantara Raden Ajoe Djojopoespito

(Samboengan Sipatahoenan ddo. 20 No. 21).

Moegi-moegi bae koe katerang djisim koering anoe parantos sareng bade dipioendjoek deui, djadi langkoeng tetela pisan, koemaha kaajaanana maroerangkalih engke di ahir, anoe teu kenging henteu kedah nembongkeun dirina dina kalungan hiroep koemboeh.

Sanget panoehoen, moegi oelah aja sangka, njangka ka djisim koering tiasa nangtoekeun, jen para istri teh tiasa ngabangoen (ngareka) kaajaan hiroep koemboeh (maatschappij). Doepi margina kaajaan para istri anoe pitiasaeun ngareka hiroep koemboeh mah, sajaktosna goemantoeng koemaha atikanana bae, goemantoeng koemaha kaajaanana anoe djanten para iboe bae. Margi saniskanten raraosan sareng mamanahan (angen-angen) anoe djanten iboe teh. toemempel ka poetra anoe keur diandegkeun keneh. Nja kitoe deui, saparantosna goemelar ka alam doenja oge, goemantoeng kana atikan ti moerangkalihna keneh.

Perkawis ngatik moerangkalih teh, sajaktosna mah djanten hidji kawadjiban anoe ageung pisan ka para iboe, babakoena pisan dina samemehna moerangkalih tea lebet ka sakola. Doepi anoe djanten rama mah, jaktos oge kagoengan kawadjiban, malah langkoeng wadjib ti batan iboena maroerangkalih tea, nanging koe djalaran sok rea anoe repot koe padamelan, tangtos kakirangan waktos pikeun nalingakeun poetra.

Sok komo deui, koe margi anoe djanten rama mah henteu salamina aja di boemi, kantenan pisan moerangkalih teh, dina samemelna ka sakola mah, salamina sareng iboena bae. Koe tina kitoena, kantenan pisan kalakoean moerangkalih teh, niron-niron ka iboena bae. Dina leresan ieu, oerang teh kedah atos-atos pisan, dina saniskanten kalakoean, nja kitoe deui dina saniskanten kasaoeran, kedah didiagi pisan, oelah aja noe henteu sae, bilih ditiroe koe moerangkalih tea.

Oentoeng anoe pohara pisan, di maroerangkalih anoe iboena oeninga kana kawadjibanana perkawis atikan. Nja kitoe deui, dalah oerang oge (sadaja para istri) mienja kana perkawis atikan teh, koe atikanana noe djanten iboe, nalika oerang atikeun keneh.

Mangga ajeuna oerang dadarkeun, anoe satarabasna bae, naon sajaktosna anoe djanten kawadjiban para iboe teh?

Doepi anoe sajaktosna mah kieu:

Para iboe teh, atanapi para istri, sanes moeng kedah tiasa popolah sareng ngapoet bae, nanging kedah tiasa ngatoer sakoemna perkawis boemen boemen, nja ieu pisan anoe djanten kawadjiban sareng kedah kaoeninga koe sadaja para istri, kapan nja istri pisan anoe ngaloeloegoekeun perkawis boemen-boemen teh.

Oerang kedah ngaraos oentoeng, koe ajana pangwoewoeh elmoe ka koelonan tina perkawis atikan pikeun maroerangkalih istri, pangadjaran kakiatan badan (sport) pikeun istri, karadjinan, kabinangkitan sareng djabi ti eta. Sanaos henteu sadajana oge tiasa diterapkeun sareng dilampahkeun koe bangsa oerang.

Karereaanana dina danget ieu mah, perkawis atikan teh niron niron kana pangadjaran kakoelonan, kitoe oge moeng dipaparah bae, djalaran pangadjaran perkawis atikan teh sok tara diadjarkeun di sakola. (Kadjabi sakola anoe ngawoengkoel ngadjarkeun perkawis eta. Red.)

Pangartosna para sepah sareng para karoehoen oerang tina perkawis atikan henteu kinten saena teh, oepami koe oerang kahartos mah, rea pisan boektina anoe kapendak koe djisim koering.

Henteu kinten handjakalna, djisim koering henteu tiasa ngadadarkeun pamendak perkawis ieu, noe aja di tanah Pasoendan, djalaran djisim koering henteu atjan gadoeh waktos pikeun nitenan perkawis ieu. Doepi ka ajaan di Djawa tengah mah sakadarna djisim koering tiasa njarioskeun. Noemoetkeun tjatjandran sepoeh para istri teh kedah ngagem 5 perkawis, njaeta:

1. Bakti
2. Titi
3. Nastiti
4. Ngati-ngati
5. Gemi.

Doepi pihartoseunana.

BAKTI, oerang kedah ngoelik sareng ngartos, kedah tiasa njoemponan kana kawadjiban anoe djadi pamanggoelna tina perkawis boemen-boemen.

TITI, kedah radjin, boh tina perkawis ngatoer boemen-boemen, boh perkawis ngatik ka moerangkalih.

NASTITI, kedah kangoengan raos kagoengan kawadjiban ngaraksa boemi, kagoengan raos djadi istri sareng kagoengan raos djadi iboe.

NGATI-NGATI, kedah atos atos dina saniskanten anoe bade dilakonan kedah dimanahan samemeh prak, di timbang diboelak balik.

GEMI, oelah awoentah rojal teu poegoeh, kedah oeninga anoe kedah diperloekeun, rikrik koe milik saeutik sing njesa dina keur rea.

Oerang salamina kedah emoet kana kawadjiban oerang, kedah dilakonan sanaos sakoemaha abotna oge, kedah emoet Goesti Allah ngersakeun oerang goemelar ka alam doenja teh, nja eta soepados oerang ngalakonan anoe djanten kawadjiban tea. Kantenan sami ngaraos, jen anoe djanten kawadjiban ka oerang teh. sanes perkawis anoe kenging dilalaworakeun, benten deui sareng kaoelinan moerangkalih.

Djabi ti eta, moegi sadaja aremoet anoe djanten kawadjibae ka oerang ajeuna teh, parantos djanten kawadjiban para sepah sareng para karoehoen oerang baheula.

Nanging sanaos kitoe oge, moegi oelah lepat sangka, henteu pisan pisan djisim koering ngedalikeun, sadaja para djoeragan kedah ngoekoehan galoerna karoehoen, djalaran henteu sapagodos manah sareng atikan noemoetkeun pangadjaran oerang Koelon, istoening teu pisan kitoe.

Maroerangkalih istri anoe engkena baris djanten iboe. kantenan pisan kedah tjekap pangartosna, Anoe kasebat piiboeeun teh, kantenan pisan kedah rea kaoeningana, kedah oeninga koemaha kaajaanana atoeran boemen boemen di nagara deungeun. Koemaha bade tiasa sampoernana, oepami kaoeningana tea, moeng dilelewek boemina bae mah. Komo deui tina perkawis hiroep koemboeh (maatschappy) mah, kedah rea pisan kaoeningana teh, mapan nja ieu pisan anoe engkena ngatik maroerangkalih.

Tina perkawis ieu mah, sajaktosna bangsa oerang langkoeng oeninga sareng langkoeng atos atos, oepami dibangdingkeun sareng oerang Koelon mah.

Di oerang Koelon mah. doegi ka para istri teh palaj ngandih tempatna pameget. koe emoetan, eta teh teu kinten lepatna, sareng sesah tiasa beresna, margi, kantenan pisan para pameget teh moal ngantep,

Doepi anoe sajaktosna mah, menggahing di para istri oge moal kirang koe padamelan, sareng henteu kirang kirang anoe djanten kawadjibanana, moeng handjakal pisan, perkawis ieu teh henteu diadjarkeun di sakola.

Di sakola, djabi ti sakola anoe ngawoengkoel, moeng pikeun maroerangkalih istri mah, oepami ditingali salantjar, maroerangkali istri teh, kawas pisan anoe parantos tjekap pangartosna, padahal anoe langkoeng perloe ti eta mah, kaloeli loeli bae. Manawi bae rea anoe nginten, jen maroerangkalih istri teh. moeng tjekap koe tiasa ngareda (handwerken) bae. Asa pirakoe deui anoe engkena baris djanten iboe, oepami tjekap moeng koe sakitoe bae mah. Pirakoe anoe kedah djanten pamanggoelna tina boemen boemen parantos dianggap tjekap, oepami moeng tiasa matja, noelis, ngitoeng, ngarenda sareng olah. Nja katjida teuing, oepami jaktos tea mah moeng tjekap koe sakitoe.

Koe emoetan djisim koering, perloe pisan diajakeun sakola anoe ngawoengkoel pikeun maroerangkalih istri, anoe engkena baris djanten iboe sareng djanten pangatik moerangkalih, anoe engkena baris ngareka hiroep koemboeh (maatschappy). Oepami para istri parantos oeninga leres leres, naon anoe djanten kawadjibanana, sanaos sakoemaha pinterna oge, taja panginten baris palaj ngalindih tempatna para pameget.

Henteu kinten matak handjakalna, roepina bae maksad anoe sakieu saena teh, taja petana baris enggal enggal kalaksanakeun, di tiasana oge istri teh aja di poengkoer pisan. Komo oepami ningal kaajaan para istri bangsa oerang, oelah bon anoe rimbitan, dalah anoe lalagasan oge, henteu boeroeng kaperedih deungeun. doegi ka henteu aja hak kana salirana koe andjeun.

Bali geusan ngadjadi oerang, koemaha tiasana merdika. oepami raos kamerdikaan tea. moeng kawengkoe koe sapalih bae mah, moeng aja di para pameget bae.

Para issri bangsa oerang asa tarerebih kana tiasa ngadjenan salira koe andjeun. Raos kamerdikaan di bangsa istri mah, teu kinten ipisna.

Eta henteu aja sanes moeng lepatna noe djanten iboe tea bae, lepat ngalarapkeunana atikan.

Doepi anoe sajaktosna pisan mah, anoe djanten iboe teh kedah seukeut pisan emoetanana. dina ngalakonan saniskanten kawadjibanana. namplokkeun saniskanten pangaweroehna ka poetra istrina, anoe engkena baris ngareka hiroep koemboehna, soepados oeninga leres kana hak kawadjibanana.

Anoe djanten para iboe, dina salebeting ngatik maroerangkalih istri teh kedah atos atos pisan, soepados saniskanten maksad anoe sae, gampil pisan kahartosna koe para poetra tea.

Kantenan ajeuna sami oeninga, jen kawadjiban anoe djanten iboe teh, nja eta anoe ngaloeloegoekeun dina boemen boemen tea. sanes hidji perkawis enteng, sanes perkawis lelewodeh.—

---

## „Koetoek gendengna si Leutik noe kakoeping koe djisim koering."

(Samboengan)

Naha toekang disidekahanana teh rek tjitjing tjitjing bae moal aja panasaran panggeuingna pedah ngarasa oentoeng koe pahadjat? Kantenan ari oentoeng tea mah, tapi sabalikna koemaha kaajaanana si leutik.

Pikeun pribados beunang disebatkeun katjida antina kana ngarageungkeun soepenir sareng djoeal beuli ka ondergeschikten teh. Eta doea bibit hama anoe matak ngoesoetkeun administratie sareng economie oerang. Memang enja djoeal beuli ka ondergeschikten oge toenggal keneh economie, tapi palebah dinja mah tjeuk timbangan pribados asa koerang sah. Nja eta bisi aja kadjadian saperti de heer Marhaen sareng de heer Marhasim tea; ma'loem ari bangsa oerang mah sok gede kaera.

Panoetoepna ieu panjarang, neneda ka Goesti noe Maha Soetji djembarna ka noe disarang moegi ieu doea bibit hama enggal leungit sing moesna ilang tanpa karana.

Hoermatna ti noe njarang

oerang sisi Tjikapoendoeng

**E. Iman.**

---

## Pakaoeman.

Ngahoeroen baloeng koe toelang. ngaloeleng bari mikiran, mikiran soteh sanes mikiran noe dipajoeng soetra Djepang, barina diselop djengke, sindjang rereng kopi soesoe, sanes, tapi mikiran tjektjek botjek anoe njempil dina ati, noe ngolembar dina bajah noe goemantoeng dina djadjantoeng, djadi angen angen sapandjang teu atjan beres.

Naon atoeh noe djadi angen-angen teh. Lah, nja eta atoeh matak isin pokna da sieun dipojok, tapi nja moal dikoemaha deui, eta noe djadi angen angen teh, atoeran pakaoeman, boh noe njepeng kapangkatanana boh atoeranana.

Doeka ari di sedjen tempat mah wantoening, Bapa si Keroed teu atjan seueur ambahanana, ngan ieu mah njaritakeun teh hal di lemboer Bapa si Keroed bae.

Pangkat Kaoem teh · di lemboer Bapa si Keroed mah diangkatna boh dilepasna teh koe Kangdjeng Dalem. Dina ngangkatna atawa ngalopasna teh, tangtoe pisan Kangdjeng Dalem moendoet adviesna loeloehoer Pakaoeman.

- Tah koe djalan kieu bisa djadi nja kadjadian anoe koerang hade. Koemaha kadjadian anoe koerang hade teh, nja eta atoeh ari kitoena tea mah boh di hoerang boh di keujeup, dibeuleum mah nja beureum. Saperti anoe dipoendoetan advies koe Kangdjeng Dalem tea, atoeh meureun memeh noe lian teh, mending noe deukeut heula. Malah bisa djadi oge kadjadian kieu: Salasahidji noe sok dipoendoetan advies tea, kagoengan poetra pameget, tina soegan djeung soegan. pek bae disakolakeun, boh ka H. I. S. boh ka sakola klas 2. Na ari ditengah tengah teh hoented bae ngabigeu, nepi ka kapaksa koe goeroena koedoe dikaloearkeun alias dilepas tea.

Atoeh sang rama bingoeng koemaha ieu boedak koedoe dikoemahakeun, ah nja tinimbang nganggoer mah mending sina diadjar digawe, asoepkeun bae kadinja kana modin. Atoeh lila lila mah nja bisa kana djoeroetoelis kaoem, geus tidinja mah nja bisa bae oenggah-oenggah biasa noe njekel gawe. Tah ieu kadjadian kieu teh bisa djadi aja. Atoeh, keun bae naon gorengna, malah oge aloes bisa noeloeng djalma anoe geus bangkar. Poegoeh ditilik ti dinja mah hade pisan. tapi lamoen dipikir pandjang asa koerang hade. Geura mangga oerang leujepan. Naon ari gawena ponggawa kaom teh. Sadjabana ti ngawakilan bapa boedak awewe, koedoe ngarapalan kawin teh, aja deui tanggoenganana anoe beurat pisan. Geus ilahar dimana - mana tempat, Kapala Kaom teh koe djalma djalma dianggap djadi Kapala agama, hartina Kapala Kaom teh dianggap anoe ngoeroes agama, anoe koedoe mapatahan djeung mere tjonto soepaja djalma - djalma nohonan kana papagon agama. Soepaja djalma-djalma tea bisa nganggap kitoe, tangtoe pisan maranehanana koedoe boga kapertjajaan anoe tetep (onwankelbaar vertrouwen) ka Kapala Kaom teh. Kapertjajaan tina bab naon? Hih, sagala roepa bae. Maranehanana koedoe pertjaja jen Kapala Kaom teh, kanjahona tina agama leuwih batan maranehanana.

Demi maranehanana koedoe pertjaja jen lakoe lampahna Kapala Kaom teh tangtoe moal nirtja tina papagon agama tjindekna geus moal hamham deui jen Kapala Kaom teh lakoe lampahna toeroetaneun sabab tangtoe hadena.

Koemaha ajeuna · kapertjajaanana djelema ka Kapala Kaom anoe geus bangpak ti sakolana? Koe ingetan Bapa si Keroed mah, kapertjajaanana ten tangtoe ngoerangan atawa leungit sama sakali. Ngoeranganana atawa leungitna eta kapertjajaan memang pantes pisan sarta kaharti pisan. Geura bae kapan ari oerang mah ngoekoer elmoena para kiai teh, koe lilana masantren atawa lilana moekim di Mekah. Kitoe oge noe djol ti Pasantren atawa anoe kakara datang tas moekim di Mekah, tara djol-djol di seboet loehoeng pangaweroehna, tapi ditilik heula lakoe lampahna, disawang heula prak-prakanana. Radjol heula noe nararos. Tah lamoen geus kitoe kakara di bisloeitan koe djelema teh, atoeh lamoen loehoeng, nja diseboet loehoengna, lamoen koerang nja dikatarakeun koerangna.

Ari ka anoe bangkar ti sakolana mah koemaha rek njeboet loehoengna atawa djero elmoena. Nja bisa djadi oge lamoen manehna ngarasa peurih mah, sasebot dipangkat handap keneh teroes diadjar soson-soson, nepi ka lamoen geus tjitjing dina pangkat loehoer teh enja loehoengna.

Tapi arang langka anoe kieu teh, boeboehan manoesa tea. Lolobana mah tangtoe katerapan koe pikiran kieu:

Ah, djadi modin enggeus, mama aja keneh, noe pinoeloenganeun, soepaja geura bisa naek pangkat, pok-pokan ngarapalan geus apal, keur naon ma ke soson-soson teuing katjapa tjapo geus tepi kana waktoena oge tangtoe aing naek pangkat.

Tah Bapa si Keroed wani dikerong lamoen teu kitoe pikiranana. Atoeh ana kitoe pikiranana tangtoe moal tambah pangartina, koerang loeangna, koerang ambahanana, moal katimoe panemoena, moal maphoem kana elmoe anoe loehoeng. Ana teu maphoem kana elmoe anoe loehoeng djadi tinggal djelema biasa prah djeung anoe rea. anoe koedoe dikapalaan koe manehna. Atoeh si djelema rea teh nadjan ditagogan mariem salapan oge tjeuk wiwilanganana moal daekeun tetep kapertjajaan. Ana geus teu pertjaja ka Kapala Agamana tangtoe ngoebrakeun kana agamana tangtoe pisan toenggoel dipareed tjatang di roempak, salong santong naon njantong eta noe disantok.

Ana geus sagala disantok mah atoeh nja koebra agama teh, lain agama bae tapi drigama oge tangtoe moesna Teu koerang pitjontoeun anoe ngoebrakeun agama djeung drigama nepi ka matak koekoerajeun, matak moeriding boeloe poendoek, koe Bapa si Keroed moal ditjarioskeun da era paradah, djeung ngerakeun nembongkeun kagorengan bangsa sorangan, saroea bae djeung ngagogoreng badan pribadi. Sakitoe teh, ajeuna minangkana agama teu atjan koebra pisan. sok tada teuing lamoen geus teu diparosea pisan.

Naon sababna noe matak djelema teu marosea kana agamana. Lantaran djelema noe teu ngarti atawa noe teu njaho tara pisan aja noe ngageuing. Saha atoeh noe koedoe ngageuing teh. Nja ari noe koedoe ngageuing mah babatoeranana djelema bae da koedoe silih geuing teh. ngan anoe wadjib koe pamanggih Bapa si Keroed mah nja koedoe Kapala Agama tea. Tapi lamoen Kapala Agama anoe koerang dipertjajana tangtoe pisan batan di toeroet mah anggoer didjebian.

(Bade disamboeng)

**Bapa si Keroed.**

---

## Islam di Amerika.

Dina hidji soerat kabar basa Arab di sebatna (djamiah arabijah)-pribados parantos matja hidji kabar jen agama Islam di AMERIKA kalintang madjengna zending - zendingna bangsa moeslimin parantos sarsoep k ditoe kadieu sareng kalintang dipikaresepna koe eusi eta nagara, malah di (Rio de Janeiro) kotana Brasil parantos ngadeg hidji perkoempoelan Islam anoe kalintang tohagana, maksoedna ngan woengkoel mentjar-mentjarkeun anoe propagandis agama Islam, sareng ngaloear-loearkeun pidato-pidato tina hal agama Islam, oenggal minggoe geus tangtoe bae anoe lalebet agama Islam teh aja bilangeunnana sareng

anoe lalebet teh tin bangsa noe karagoenganana.

Lobana bangsa moeslimin di ditoe parantos aja lima poeloeh reboena, di Brasil dina taoen 1925 lobana moeslimin teh ngan saeutik koerang leuwih 3000, lolobana tina noe parindah ti Marokko sareng Sijrie bae, djadi oepama ditilik mah dina djero 3 taoen teh parantos ngaleuwihan 17 kalieun.

Sareng moeslimin di Rio de Janeiro noe kasebat di loehoer keur barempoeg baris ngadegkeun Masdjid noe ageung, malah ti ajeuna oge geus ngamimian ngoempoel-ngoempoelkeun pertoeloengan-pertoeloengan sareng panoendjang panoendjang, pikeun bahroeteng eta masigit.

Tah kitoe perdjalanan agama Islam di Brasil gantjang lir kilat bae, tapi di ditoe oge aja hidji rombongan anoe maksoedna mentjar - mentjarkeun zending - zending Protest, tapi kawas rada langka beubeunanganana teh.

Sareng matja deui hidji soerat kabar disebatna (Liwa Al-islam) jeu di Japan gerakan agama islam kalintang madjengna malah di Tokio mah, geus ngadeg sakola Agama loehoer diadegkeunnana taoen 1923, disebatna (Islamijah Cheirijah) noe djadi dalektoerna Mr. Moehamad Abdoel haj Goerran, oereet president Madjlis Asjsjoera, di Timoer djaoeh.

Eta sakola di bagi 3 tahapan 1) sakola rendah 2) Kweekschool 3) sakola Tinggi, basana noe dianggo ngawoeroek agama basa Arab ari ilmoe-ilmoe noe alanjar koe basa Toerki, pikeun noe sedjen koe basa Japan sareng Ingris.

Sareng dina kabar sanes deui, jen Universteit di Pina kenging pareutab ti radjana Oostenrijk soepaja agama Islam didjieun hidji pangadjaran noe koedoe diadjarkeun di eta sakola tinggi. Anoe kapilih djadi goeroena Mr. Toha Assajid Nasar sala sahidji oetoesan D. V. O. Kairo.

Moegi-moegi Moeslimin di oerang sing naroeroetan, pokona madjoe babarengan.

Al-djoefri.

---

## Soerat kiriman.

Pilenggah djoeragan Redaktoer Sipatahoenan
Tasikmalaja.

Sh.

Sanget moegi diperloekeun sanadjan sesek pasihan tempat moegi ieu tjariosan noe kasebat dihandap kersa ngalebetkeun kangge timbangan oemoem. Dina wengi Kemis ping 14 ka 15 na sasih ieu, pribados kaleresan aja di Manondjaja, kinten taboeh 10 ngoeping aja noe gogorowokan menta toeloeng, anoe henteu kinten mantak kagetna, emoetan teh seuneu parantos di soehoenan, ladjeng koe pribados dibeedjeng, mendak djalmi loempat sareng bangoen reuwas, emoetan, ieu djalma kawas entas boga sa gede, ladjeng koe pribados dieunreunkeun, sareng pribados rada taki taki, inggis meregahala, barang diparios sanggemna itoe aja djalmi ditareunggeulan, sanggem pribados, saha? sanggemna, poen Hardja, Soepir babah Oeij Soen Hoat toekang Koprah Awipari. Koenaon asalna noe mantak ditareunggeulan? panjariosan mah disangka [illegible] anakna Oeij Soen Hoat noe [illegible] ari geus kitoe? Ladjeng [illegible] soel koe pamanna Oeij Soe[illegible] nja eta adina Oeij Soen [illegible] pendak di Tjalatjap, moeng sak[illegible] tjariosnana noe ditaros koe pribados, sakitoe oge njanggemna bari ngadaregdeg, hen teu tiasa kebat roepina bawaning koe reuwas.

Ladjeng pribados mios ka tempat noe ditareunggeulan tea, bareng djol teh pribados dongkap, kasampak keur dirarioeng koe Tionghwa awewe lalaki, sanggem pribados, aja naon ieu teh asa matak reuwas teuing? sanggemna teh, aja bangsat, bangsat naon? maling doeit, doeit saha? doeit doeloer koering babah Soen Hoat, tina naon? tina peti beusi, mana ajeuna djalmana toeh dina Mobil, kaleresan pribados ngabantoen Batre; ladjeng di tjaangan, ari braj teh di tingal, Jaalloh parantos lamokot koe getih dina tarangna, awakna gareuneuk, ladjeng pribados nanja ka babahna koenaon awakna datangka raroeksak? sadaja teu aja noe ngadjawab, sanggem pribados, atoeh oelah di raroeksak kieu, hoekoeman mah aja pangadilan, samasakali oerang mah teu aja hak njieun kalakoean noe sa roepa kieu, tah tieu noe sok ngadja dikeun karoesoehan teh.

Henteu sabaraha lamina, soemping djoeragan Mantri poelisi sareng kopral ka Tjamatan, henteu kantos lami soemping djoeragan Tjamat, saoer djoeragan Tjamat, aja naon ieuh, sanggem babah ini bangsat djoeragan kadapet di Tjalatjap, saoer djoeragan Tjamat, tjoba toeroenkeun? teras panto Mobil diboeka, saoer djoeragan Tjamat, toeroen maneh? eta djalmi noe dina Mobil, tjitjing bae henteu bisa nangtoeng, saoer djoeragan Tjamat, hajoh toeroen? ngalawan sia ka aing? sanggemna, sanes ngalawan, ieu abdi henteu tiasa hoedang, na koe naon? singhoreng sadjabana awakna roeksak di tareunggeulan, djeung di barogod sagala, leungeunna ditalikoeng koe tambang, tapak nalikoengna oge roeksak koe tambang, saoer djoeragan Tjamat, saha ieu noe ngabarogodna? tjeuk babah Toean Hoofd Agent Tjalatjap, saoer djoeragan Tjamat henteu meunang ngabarogod djalma, sanadjan noe edan, tjeuk babah bisi kaboer djoeragan, wah kaboer kamana, henteu meunang njieun kalakoean kitoe teh. Kirang langkoeng 20 menit, djol Toean Polisi opziener Tasikmalaja sareng hidji Walanda hideung njaeta Hoofd Agent ti Tjalatjap noe ngabarogod tea, tidinja salasaoeran sareng djoeragan Tjamat, saoer Toean Polisi opziener ieu djalma baris teroes dibawa ka Tasikmalaja harita aja noe oeudjoekan ka djoeragan Tjamat, Gamparan di na tarangna, dina tarangna getih mani ngotjor, moegi kaoeninga koe polisi Opzener, saoer djoeragan Tjamat Toean ini orang waktoe saja dateng misi di iket dia poenja tangan, Polisi Opzener semoe kaget ari di papaj tei Toean hideung noe di saieboet


## BADE DI ITJAL

1 Biola (viool) doosna tina kai snaar compleet, sae keneh pisan. Di anggona parantos kirang langkoeng 10 tahoen.

Katerangan langkoeng pandjang boh koe serat boh koe lisan tiasa moendoet ka kantor

**„APIWABI"**

Tjibadakweg No. 38—Bandoeng.

## Toendjanglah!! Perhatikanlah!!
## Peroesahaan Indonesier

Mempermaloemkan, bahoea moelai tanggal 1 November 1928 di Bandoeng akan diboeka satoe kantor jang maksoednja akan memperoesahakan:

1. Menjiarkan roepa-roepa kabaran jang berfaedah dengan djalan soerat-soerat kabar (pers bureau).
2. Melakoekan roepa-roepa penagihan (incasso bureau).
3. Menawarkan sewaan dan pendjoeawalan roemah, goedang, toko dan lain-lain (woning bureau).
4. Memberi advies tentang roepa-roepa hal.
5. Mendjoeal dan membeli roepa-roepa hasil boemi.
6. Djoeal boekoe batjaan dalam roepa roepa bahasa, Djoega roepa-roepa boekoe sekola (studie boeken)

Segala harga dan ongkos di itoeng pantes.

*ADRES;*

**„APIWABI"**

Tjibadakweg No...... (Gedong baroe sebelah koelon djembatan)

Telef. No......

BANDOENG.

PENGOEROES

GATOT SOETADIPRADJA.

## TAN JOE AN
### TOEKANG GIGI

Dimoeka Pasar Tasikmalaja.

Saja bisa bikin gigi roepa - roepa dan bisa obatin penjakit gigi.
Kerdjaan ditanggoeng baik dan harga pantes.

## Toko „BENG"

tel. No. 2

TASIKMALAJA.

Sajagi roepa-roepa barang noe marodel, saperti sendok, garpoeh, peso medja, peso lipet, peso tjoekoer, sareng goenting mesin ramboet, sanesna ti eta njondong lampoe baterij roepi-roepi merek. Eveready, Winchester, Simmons, Aja deui noe langkoeng model lampoe batre noe alit teu matak ridoe ageungna sami sareng dompet, teu kinten terangna, sareng mirah hargana ngan f 0,80. Tina reservend sajagi tina sagala merk.

Bedil B. S. A. ajeuna toeroen harga, mangga naros bae ka toko Beng.

Ajeuna djaman kamadjoean, lamoenna bade ngarot oelah pisan ngaleuent tjai samarangan nja eta tambana kedah ngagadoehan Filter (saringan tjai) noe matak ngawalagrikeun kana salira.

Sadjabi ti eta rewa deui barang-barang noe marodel sesah ditoeliana lamoen ditrangkeun saroepi-roepina barang.

Sajagi roepi-roepi landong, sareng arak obat „Hipprocrates."

## Schoenmakerij en Kleermakerij
### „Malah Mandar"

Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roepi-roepi raksoekan anggoean pameget atanapi moerangkalih modelna tiasa noemoetkeun sakoemaha kapalaj, sareng disajagikeun roepi-roepi lawonna.

Oge njajagian slop-slop, sendal-sendal spatoe-spatoe ketoe oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloedroe noe kasar sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos
pesenan poen

**O. Sasmita.**

## Kleermaker M. SOEKARDI

Gang Bruijns & Thijssen No. 8.

BANDOENG.

Trima pekerdjaan boeat bikin segala roepa pakean boeat Toean toean menoeroet model baroe dan enak dipakenja. Ditanggoeng baik, lekas dan harga lebih moerah. Soedah dapet soerat poedjian dari Regent Pandeglang,

**Djoega ada sedia roepa roepa kaen.**

## Perloe pisan keur noe ka
# MEKAH.

Oepami ka Mekah katjida perloena njandak landong-landong noe perloe dianggo. Benten raosna oepami ti oerang parantos toempak kapal, komo parantos soemping ka Nagri sanes mah. Sanes Nagri sanes hawana, sanes deui raraosan badan. Djagi oelah doegi ka teu damang di nagri deungeun. Saena mah sajagi pikeun noeloengna.

Kadjeun teuing landong teu perloe keur andjeun nanging kenging dianggo noeloeng sobat-sobat atanapi noe sanes.

Ieu teh ibadah noe teu kinten saena Sajagi di Toko sim koering toromol dieusi sagala roepi landong kaperloean noe angkat ka Mekah. Oepami parantos ngagaleuh ieu toromol tangtos ngaraos tengtrem, moal sieun bilih teu damang.

Mangga tae soemping ka Toko parios koe andjeun.

**TOKO**
**NIC MULLER**

Goenoengladoe 15
TASIKMALAJA.
Telepon No. 26.

## KITAB FIQH dan TAFSIR QOERAN.
### ALBOERHAN.

Kitab hoekoem-hoekoem ibadat Islam, katerangannja hanja dari Qoeran dan Hadits bagian I f 1,— soedah terbit.

AL—FOERQAN, tafsir Qoeran, pakai arti letterlijk, arti rangkaian, noot arti rengkasan, babagian III f 1.— terbit 5-12-'28. Jang BAHASA SOENDA babagian I f 0.80 soedah terbit.

Tiga kitab itoe ajat Qoerannja dan Haditsnja pakai hoeroef Arab berbaris dan artinja paksi hoeroef Latijn

Pesanlah atau memintalah tjontoh dar

**„Persatoean Islam"**

BANDOENG.

## M. I. PRAWIRA - WINATA

Boekhandel - Drukkerij —o— Boekbinder - Lijstenmakerij.

**Katja-katja Wetan 132 == Bandoeng.**

Parantos mah aja reboena pesenan anoe ditolak djalaran parantos seep boekoena.

Ajeuna parantos medal boekoena, anoe langkoeng sae sa reng langkoeng mirah pangaosna, batan anoe kapoengkoer, nja eta boekoe:

**Pangadjaran Salat.**

Karangan

M. SASTRAAMADJA.

Anoe ngarang Ibadah kalawan Iman, Mi'radj sareng Hikajat Nabi Paras Bina lebet saminggoe nanggel iasa,

Pangaos f 0,75 — Faranso di Post f 0,20—Rembours f 1.40

Ieu boekoe kenging oge di Bon.

## Kapoer TEMBOK dan Kapoer SIRIH dalem BLIK.

Dari Fabriek - fabriek

**Kalkbranderij „Tjisaät" halte Tjisaät.**
**Kalkbranderij „Preanger" halte Tagog apoe.**
**Kalkbranderij „Berg" halte Tagog apoe.**

Kwaliteitnja selamanja ditanggoeng baek!
Soedah **goedgekeurd.**

Boleh pesen pada:

Directienja
**ANG SIOE TJIANG**
Handel Mij.
Batavia Bandoeng, Soekaboemi.

**Telf. No. Btv. 740, Bdg. 1378, Si. 183.**

## Toko Boekoe
# TROMP DE HAAS

voorheen toko **WEBER**

**DJALAN STATION № 12. TELF. № 13.**

Sajagi roepi-roepi: **Vulpen houder** sareng parabot **sakola** sareng **Kantor** Ngitjal **penmas** pikeun vulpen.

## Preanger Chemicaliën Handel
### TASIKMALAJA

Sajagi katja panon model noe pang anjarna tina nekel, doble sareng penjoe pangaos ti f 2,50 doegi ka f 30.— Sajagi minjak seungit ti Cotij sareng Houbigant. Sajagi sigaret sareng soeroetoe merk Cadena.

Gramophoon merk Odeon sareng platna roepi-roepi lagoe, sapertos lagoe Walanda, Malajoe sareng Soenda pangaos 1 plat f 2,50.

Hoofd Agent Tjalatjap noe ngabrogod teh. Tjeuk omongan tea mah, meudjeuhna kapatoetna, tjobi mangga manah, Soepir noe sakitoe leutikna, toer Polisi henteu koerang, mangga, nja dedeg nja mawa parabot, da hajang poeas, toer dosana atjan doedoek, kakara ngadenge omongan babah, make gantjang ngabarogod, dasar dasar nasib Marhaen ngan dihina-hina bae tjarek omongan djalma rea noe ngararioeng, komo lamoen henteu aja djoeragan Hadji Tadjoedin anoe panghenlana soemping kadinja, kawasna, bisa djadi leuwih repot ti kitoe.

Menggah ieu kadjantenan, earna noe ngarioeng, moal borong anoe wadjib, tangtoe kapendak tjoektjroekanana, beurat hampangna, mangga oerang darangoekeun koemaha kadjantenanana ieu perkawis, nja bener eta babah ngahinana bangsa oerang, toer padahal, ari bangsa oerang mah, anoe sakitoe leuwih tisakitoe . . . bet teu madjar kitoe, ieu mah kakara oge disangka, geus matak boboiot getih.

Hoermatna

**Matatadjem.**

## Langganan di Bandoeng.

Soepados oelah kedah ka kantor post anggoeun ngintoenkeun artos pikeun Sipatahoenan, djoeragan langganan di Bandoeng dina ngawitan sasih December '28 bade ditagihan postkwitantie. Tina eta disoehoenkeun kalajan sanget soepados eta kwitantie dibajar.

## Almenak Soekapoera Drukkerij.

Redactie sareng Administratie Sipatahoenan parantos nampi Almenak boelanan (Maandkalender) ti Soekapoera Drukkerij. Tina eta hatoer noehoen.

## „Hese kahartina."

Parantos matja dina Sip. No. 20 ddo. 13/11 1928 aja toelisan noe djoedoelna „Kapaksa", seseraran djoeragan H. Proewito, (oelah maksakeun schr.), noe diadreskeun ka College gecommitteerde. Sareng koemisi hing Tasikmalaja.

Menggah anoe djadi maksadna dina eta seseratan, djoedoel andjeunna bade Stemna Tegen, dina waktos rengrengan raad kaboepaten Tasikmalaja, zitting ping 15 October 1928, nolak tina onderwerpna (rarantjang college gecommitteerden menta opcenten 6% tina padjeg inkomstenbelasting + 6% tina padjeg personeele belasting) kaperloean damel klopna begrooting regentschap Tasikmalaja taoen 1929.—

Dina waktos zitting ping 15 October 1928 sadaja djoeragan-djoeragan elid ti pihak Kiwa sareng tengen parantos sami tanding ngadoe kabinang kitan, kaampoehan tina hal oeroesan ieu tjampoeh djoerit dina medan raad medarkeun roepi - roepi pamendak (Djoeragan-djoeragan noe ahli, deskundig), tjek basa ajeuna djoeragan-djoeragan Djempol parantos teu aja gimir ngadoekeun beberaan.

Doepi kadjantenanana poetoesan dina raad aja 12 tegen, 7 voor.

Rahajat noe nembean ngagadoehan wakil dina raad ngoeping sareng ningal. tandang tandingna djago djago wakil rahajat anoe sami ngagoenem tjatoer hal kaperloean roemah tangga negri.

Rahajat ngarasa boengangang atoh gede goenoeng pananggeuhan, nja ajeuna parantos dina mangsana nepi ka djangdji dongkap ka oega, oerang priboemi bisa hiroep koemboeh, sareng roepi roepi bangsa teu ngarasa aja dipilih kasihna, toenggal djadi rahajat negri, anoe sami mitjinta kana lemah tjai, moeng bedana teh, rahajat asal sareng rahat anjar bae. „Priboemi + Semah) ari harkat daradjatna bisa sama rata.—

Malikan tjarios tina djoedoel maksoed noe ngadamel seseratan dina Sipatahoenan No. 20 tea noemoetkeun katerangan ti djoeragan H, Proewito sareng noe djadi kahajangna, bade Voor kana atoeran ajana opcenten, ngan henteu 6% tapi 4%. Sabab ka timbang priboemi kiranngan f 1360— ari ti bangsa asing aja f 8000.— dja di rasa andjeunna oerang priboemi ngoeseupan ka bangsa asing. oerang meunang panjamboengan ti asing. bisa njoekoepan djadi klop begrooting regentschaap T.s.m. 1929.

Dina engke zitting R. K. tanggal 22 November 1929 bade dibarempagkeun deui, sarta djoeragan - djoeragan elid bade seueur anoe neken kana Voor. (rahajat koemaha ? ? ?)

Noemoet etangan djoeragan H. Proewito oerang priboemi f 1360.— ari bangsa asing f 8000,— bet disebatkeun priboemi di samboengan tingali seseratan djoeragan H. Proewito dina Sipatahoenan No. 20. Noe mawi anandjeunna atoh bade njaboet Stem tina Tegen dirobah djadi Voor.

Dina timbangan raad naha onbillijk beda beda percentagena, opcenten, dibeda-beda priboemi leutik, asing gede, sanes sami pada 4%. Anoe mawi tjek djisim koering itoengan rahajat anoe lain elid, henteu asa disamboengan koe bangsa asing. Bener ari tjek angka f 8000 teh leuwih gede batan f 1360 tapi djalanna raad Adil-priboemi opcentenna tina padjeg anoe ka oengel bade di tambih opcenten teh nja 4% asing oge kitoe 4%. dimana raad litjik dimana raad ngabeda bedana, atawa milih kasihkeun ka pendoedoekna petjaja rahajat kana Wet. noe di damel koe raad Rahajat tetep aja dina kapertjajaan..

Lid djoeragan H. Poerwito noemoet saoerna—bet karasana—bade mepende, ngalelemoe ka rahajat priboemi njeukseukan ka bangsa asing—soepaja djadi Kapaider pikiran priboemi.

Toemaros koemaha pang noemawi kapoengkoer Tegen ajeuna bade . . . timbangan oelah sok loentjat moelang raad sanes tempat oelin—seperti di Sositeit—atawa oeroesan pribadi—kedah diasakkeun nja emoetan—bisi rahajat asa dimaenkeun.

Ari anoe djadi kaperloean nagara eta parantos djadi tanggoengan rahjat ka boeh—Pamarentah pertjaja ngadjalankeunana ka adilan.

Wakil rahajat oelah samanea, koedoe waspada ati ati oelah kapaksa, atawa maksakeun, rahajat teu maksa—ngan roemasa milih, lamoen kersa lamoen djoemblah rahajat lain bidji—rahajat aja anoe pinter.

(Samboengeun).

# KABAR

(Tina s. k. sanes).

Soerabaja: Noeroetkeun kabar, noe bakal dipadjoekeun djadi kanidat-kanidat Provincialen raad Djawa Wetan: Djoeragan - djoeragan Mr. Soebroto (Wethouder Gemeente Soerabaja). Askaboel (rechterlijk ambtenaar t/d raad van Justitie Soerabaja). Soeparto (adviseur voor Inl. zaken di Gemeente Soerabaja), Nitidiningrat (regent Soerabaja), Prawirodiredjo (Patih).

—o—

Padang: Lantaran sasak djalan kareta api deukeut desa. Doerian roeksak, kareta api antara Padang djeung Emmahaven henteu bisa djalan, paling sakeudeung didjero doea minggoe.

—o—

Pekalongan: Toean P. K. W. Lakeman diistrenan djadi Burgemeester Pekalongan. Toean resident Pekalongan de Lavalette, noe ti Tasik tea, njarios. jen seueur padamelan noe koedoe didjalankeun teh, saperti: Volkshuisvesting, ngomean kampoeng kampoeng, ngajakeun rioleering ngomean djalan-djalan djst.

—o—

Fort de Kock: Djoeragan Nawawi gelar Soetan Maamoer tilar doenja (oeroet mertoea Dalem Bandoeng). Joeswana 70 taoen.

—o—

Semarang: Noe meunang lotre f 100 000 teh nja eta toean B. C. H. Steevensz, glipir Landraat Semarang.

—o—

Soerabaja: Tina 140 koeli noe digawe di pabrik kaleng minjak tanah di Wonokromo, anoe mogok aja 100 djelema; lantaranana aja salah saoerang koeli anoe dilepas.

—o—

Soerabaja: Ti mimiti tanggal 1 December 1928 di Soerabaja bakal kaloear soerat kabar poean anoe bangsa Tiong Hoa, ngaranna „The Java Daily Telegraph" Bidjilna isoek isoek. Redaktoerna Loh Moh Siang sarta dikaloearkeun koe drukkerij Soat Sin.

—o—

Bandjarmasin: Toean Michel, agen motor di Bandjarmasin, anoe ngadoepak boedak, sarta toeloej dikorojok koe djelema sakampoeng, ajeuna geus maot.

—o—

Djogja: Djoeragan Latjoeba, lid P. S. I., waktoena rek maot, talatah soepaja ngahadiahkeun doeit f 3000.— pikeun kaperloean oemoem. Samalah pakoempoelan Achmadijah dibere wakaf f 1000 —

Poetrana noe lalaki dijeeroeroeng noengkoelan congres ka Lahore.

—o—

's Gravenhage: Noeroetkeun bedja ti Berlijn anoe bakal meunang Nobelprijs tina perkara perdamian (rapih vrede) nja eta: Internationaal Olympisch Comite.

—o—

's Gravenhage: Voorzitter tweede Kamer, Jhr. Ruys de Beerenbrouck, panjawatna masih angger, samalah mah aja bedja koedoe dibelek (nieroperatie).

—o—

Antwerpen: Tanggal 3 December noe deukeut toean Westerman, vice-president tina pakoempoelan Nederland in den vreemde, bakal ngadadar dongeng Ned Indië Tangtoe bakal loba pangagoeng Belgie soemping, sabab Kroonprins Belgie aja maksoed arek ngadjadjah tanah Hindia.

—o—

Moskou: Pamarentah Roeslan geus ngoetoes genep djelema pikeun badami perkara perkara economie djeung paparentahan Duitschland.

—o—

Berlijn: Di Roergebied loba pabrik pabrik anoe ditoetoep, lantaran kakoerangan bahan pagawean. Koeli koeli anoe kapaksa dieureunkeun aja saparapat malioen. Ajeuna keur disoehoenkeun ka pamarentah, soepaja diajaan fonds, pikeun noeloeng ka noe teu digarawe tea.

—o—

Amerika: Lantaran waloengan Missisipi tjaah, aja sapoeloeh djelema anoe maot. Karoegian radja kaja katjida gedena. Mangratoes - ratoe djelema noe parindah ka tempat noe rada loehoer noe teu kaoedag koe tjai Sato hewan anoe kabawa palid geus teu kaitoeng.

—o—


Kitab Feqh sareng Tafsir

QOER'AN ALBOERHAN.

Kitab hoehoem-hoekoem ibadat Islam kateranganana woengkoel tina Qoer'an sareng Hadits, djilid I f 1.— parantos ditjitakna.

ALFOERQAN

Tafsir Qoeran, nganggo hartosna noe saenjana (letterlijk sareng hartosna noe henteu saenjana, nganggo katerangan pondok (noot) nganggo hartosna dipondokkeun, djilid III f 1.— kaloear ping 5—12—28. Basa Soendana djilid I f 0.80 parantos kaloear.

Eta tiloe kitab ajat Qoeranna sareng Haditsna nganggo aksara Arab dibarisan sareng hartosna nganggo Latijn (Walanda).

Enggal pesen atanapi moendoet pertjobian ka:

„PERSATOEAN ISLAM"

BANDOENG.



Para Djoeragan sareng saderek saderek pameget istri.

Oepami angkat ka Bandoeng oelah lepat, mangga karoelem di

HOTEL SLAMET

BANDOENG.

Kebondjatiweg 41.

angkat ti Station kinten 3 menit.

Tarief Klas I f 2.— doeaan f 3.—
„ II f 1 50 „ f 2 50

sonten vrij thee, endjing-endjing kenging koffie soesoe, endog hajam sareng roti.

Ieu Hotel kaetang ageung, pamandangan hegar, nganggo verdieping (balkon), rawatan beresih, lampoe electrisch, tjai leiding, djongos satia, gampil angkat angkatan ka tempat anoe rame rame margi tjaraket.

Hoermat noe ngadjeng ngadjeng

E. Carno

Eigenaar.



TOKO KHOUW SIAUW SENG
(TOKO BENG)
Tasikmalaja

Djaman kamadjoean, kitoe deui ajeuna pikeun ngentengkeun kana perdjalanan, disajagikeun Autobus anoe brangkat:

Tasikmalaja-Bandoeng via Garoet via-versa
ti Tasik ± djam 5.30 endjing ti Bandoeng ± djam 11.30 siang.

Tasikmalaja-Garoet via Singaparna. via-versa
ti Tasik ± djam 7 endjing ti Garoet ± djam 11.30 siang.

Tasikmalaja-Cheribon via Tjiamis en Koeningan via-versa
ti Tasik ± djam 3 soeboeh ti Cheribon ± djam 3,30 soeboeh; ti Tasik ± djam 8,30 endjing ti Cheribon ± djam 8 endjing.

Tasikmalaja—Bandoeng via Limbangan
ti Tasik ± djam 5 endjing,
ti Bandoeng ± djam 11,30. siang.

Stopplaats.

di Tasikmalaja pajoeneun Toko „Beng"
„ Garoet „ Station S. S.
„ Bandoeng „ „ „
„ Cheribon „ Hotel Canton Kadjaksaan, sareng pasar Balong.

N. B. Sadaja autobus di merekan T. H. autobus dienst.



Hatoer noehoen ka anoe parantos timpah ngagaraleuh Zakalmenak 1929.

Ajeuna bade diseueuran deui ngadamelna, tjawisan noe tarebih.

Pangaosna? Ah, teu kedah ditaroskeun deui, mirah bae! Sanes f 1.— sanes f 0,50, teu sataleu talen atjan moeng . . . . f 0, 10

Eusina pepek sasih Walanda sasih oerang, manis pahingna, hari besarna, oekoeran-oekoeran sareng roepi-roepi timbangan, ruraban oge pepek, ngagoembirakeun moerangkalih sareng sanbeng lajang. Enggal pesen, seepeun 31 Augustus parantosna.

Oge sajagi Wajang Poerwa IV.

Noe ngaloearkeun

Toko Boekoe en Drukkerij
Tjitandoej v. h. Pasoendan
Tasikmalaja.

N. B. Noe ngagaraleuh ka Agent-Agent teu kirang ti 5 benggol 10 almenak ongkos vrij.



TEGEL FABRIEK

„NAJA"

Goenoengsabeulah Tasikmalaja.

—o—

Sajagi roepi roepi tegel, beton buizen (koeloewoeng) sareng beton roosters.

Pangaos sareng kakiatan di tanggel ngabingahkeun. Prijs lijst sareng monster tiasa di poendoet gratis.

Noe ngadjeng ngadjeng

S. Najawilaga.





Ketoe Oedeng Makerij

HALIM

West Pasar straat 16 Bandoeng



Salamina njajagikeun ketoe Oedeng model Bandoeng tina roepi-roepi batikan sapertos batik Tjiamis Solo Banjoemas s.s.t. ngawitan pangaos f 2.25 f 2.50 f 3,— f 3.50 f 5.— sareng sateranna noemoetkeun koemaha saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo diwiroe sareng endol ngawitan pangaos f 3.— f 3.50 f 4.— f 5.—

Tiasa nampi kengkenan ngadamel ketoe Oedeng.

1 Oedeng didamel 2 ketoe oedeng f 2.—
1 „ „ 1 „ „ f 1.25

Model wiron tambih dina 1 Ketoe Oedeng f 0.25 Oepami oedeng Dubbel tambih f 0,50. Sareng njajagikeun sindjang poleng geroesan kaloearan Bandjaran Bandoeng pangaos f 2.50 f 3.— f 3.50 sareng f 4.— mangga djoeragan-djoeragan geura njaroblan sareng enggal njeratan nganggo. Adres anoe diloehoer ieu koelan.

Prijscourant teu sajagi.



INGENIEURS en ARCHITECTEN BUREAU

Ir. Soekarno en Ir. Anwari.

Regentsweg 8, Bandoeng.

Nampi saniskanten padamelan anoe nganggo projekten pikeun saniskanten adegan, kajaning imah—fabriek—goedang—masigit—djambatan sareng sadjabina ti eta, ti noe PANG ALITNA doegi ka noe PANG AGEUNGNA.



TOKO EUROPA

H. ABDOEL MOEGNI.

Stationsweg : : Tasikmalaja.

Sajagi saroeng poleng soetra toelen tinoenan Bandoeng.

Pinggir sareng toempal bodas pangaos sakodi f 140.— sahidjina f 8.—

Soetra pinggir sareng kapala teroes, noe pangaos f 95.— sakodi, sahidjina f 5.50

Djabi ti eta roepi-roepi pakakat tjap Korsi, Djerman kasar lemes pangaosna mirah, moal koe noe sanes-sanes hal mirahna sareng toelenna.